



# Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 15 Asi ini Jehovhah ndichataura zvandichataura, uye zvandichataura zvichazadzisika zvisinganonoki -- Ezekieri 1:25 2021

## Mugore Rakafa Mambo Uzziah...

NaGodfrey Ndirwenyu

Chiverengwa Isaya Chitsauko 6:1-8

*Pagore rokufa kwaMambo Uzziah, ndakaona Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira, mipendero yenguwo dzake ichizadza temberi. Kumusoro kwake kwakaknge kumire serafimi, imwe neimwe yakange ine mapapiro matanhatu; maviri yakafukidza chiso chayo, maviri yakafukidza makumbo ayo, namaviri yakanga ichibhururuka nawo. Imwe yakadanidzira kune imwe ichiti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Jehovha wehondo; nyika yose izere nokubwinya kwake.” Nheyo dezvikumbaridzo dzakazungunuka neinzwi rowakanga achidana, imba ikazadzwa noutsu. Ipapo ndikati, “Ndine nhamo! Nokuti ndoparara! Nokuti ndiri munhu wemiromo yakan’ora; ndigere pakati pevanhu vemiromo yakan’ora; nokuti meso akaona Mambo; Jehovha wehondo.” Ipapo serafimi yakabhururukira kwandiri, yakabata zimbe rinopfuta muruoko rwayo; rayakange yatora nemubato paaritari; ikagumura muromo wangu naro, ikati, ‘Tarira zimbe iri ragumura miromo yako, zvakaipa zvako zvbviswa, zvivi zvako zvadzikinurwa’. Ipapo ndakanzwa inzwi raShe richiti “Ndingatuma aniko? Ndiani angatiendera”? Ipapo ndakati “Ndiri pano ini, nditumei.” Iye akati, “Enda, unoudza uti....”*

Chaive chakakosha, uye icho chakakosha, murungano urwu nanhasi haruziri rufu rwamambo Uzziah chete, [uyo aive mwanakomana wamambo Amaziah.] Kwete. Shoko rinoti upenyu hwamadzishe huri mumaoko aJehovah uye anoita zvaanoda neupenyu hwavo. “Mwoyo wamambo uri muruoko rwaJehovha; unoendesa kwaanoda sehova dzemvura.” [Fanandzo 21:1]. Hongu kuvanhuwo zvavo rufu runorwadza, asika murungano urwu maziso edu ngaasatarire parufu rwamambo zvakananyanya. Ngaaringirire kuzvakaoneka nezvakanzika. Kushoko [message] rakakushwa mugore rakafa mambo Uzziah. Todzidza savaKristu, kubva muzvakaoneka nezvakaaturwa, mafambiro atinofanira kuita.

Chaive chakakosha harisiri denda kana urwere, hwakanokora nokutora upenyu hwamambo wavaJudhah Uzziah. Kwete! Madzimambo anorwara nokufa ingawani tose tinozviziva. Ko Uzziah aive akasiyane nemamwe madzimambo okwaJudha? Handiti tose, sokureva kweShoko raMwari, tinorwara tigo-fa tichidzokerazve muvhu matakabva. Huruva inodzokera

kuhuruva, dota richidzokazve kudota. Hapana chinoshamisa kana kukatyamadza pakufa kwomunhu, angava mambo kana muranda. Chaive chakakosha [uye chakosha] ndeizvo zvakaitika mugore iroro, zvikuru sei muupenyu neushumiri hwamuporofita Isaiah. Zvakaoneka nekunzika nemunhu waMwari ndizvo zvaive zvakakosha uye ndizvo zvatinofanira kudzidza nokuperevedza pfungwa dzedu pazviri. Kufa kwamambo kwakave hwamanda kuti vanhu vasakanganwe chiitiko chegorero. Chiitiko ichocho harusiri rufu rwaUzziah asi shoko rakanzika nemuranda waMwari.

Mudikani, chakakosha, murungano rwaIsaiah, ndeizvo zvaakaona, somuporofita mugore rakafa mambo Uzziah. Izvo zvakataurwa nekuitwa naMwari muupenyu hwaIsaiah mugore rakatisiya Ishe Uzziah. Rufu harushamisi Mwari. Kunze kwakuto mufadza kana kumusuwisa rufu harushamisi Mwari. Chatinofanira kukoshesa nokubatisisa, mashoko, message yakabuda namuporofita Isaiah, mutemberi nezuva iroro ravakasangana naJehovha. Chimwezve chatinofanira kubatisisa mukupfuura ndechokuti, muporofita Isaya havana kunzwa Shoko kana kuona mashura neminana iyi musi wakafa mambo Uzziah. Shoko rinoti zvoise izvi zvakaitika mugore rakafa mambo wavaJudah. Naizvozvo chatinofanira kudzidza nokubatisisa panyaya iyi mararamiro atinofanira kuita pamberi paMwari, kuzvivyhuna, kuzvinipisa nekubvuma kutumwa samuporofita Isaiah. Jehovha ndidzo tsoka dzavanoda kuti titevere nokudzidza; kuti kana tanzwa shoko ravo vachiti “enda” isu samuporofita Isaiah toti “hongu”. Kana kuti “ndiri pano nditumei Tenzi”.

Chimwezve chinondifadza nokundinakidza murungano urwu ndechichi: Muchita chavanhu vaive mutemberi, [ngatimboti] pazuva iroro muporofita Isaiah vakaona nokunzwa zvakasiyana nezvakaoneka nekunzika nevamwe vavaive navo. Vamwe pavaiona mupirista mukuru akapfeka nguwo dzemunamato, achitungamira ushumiri Mutemberi Isaiah anoti, “ndakaona Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira, mipendero yenguwo dzake ichizadza temberi. Kumusoro kwake kwakaknge kumire serafimi, imwe neimwe yakange ina mapapiro matanhatu; maviri yakafukidza chiso chayo, maviri yakafukidza makumbo ayo, namaviri yakanga ichibhururuka nawo”.

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

Payakange yave nguva yokuimba nokurumbidza Mwari, vamwe pavaitarira Praise and Worship Team, muporofita vanoti vakaona serafimi, *“Imwe yakadanidzira kune imwe ichiti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Jehovha wehondo; nyika yose izere nokubwinya kwake.” Urikuinzwira nyaya yacho? Zvanzi nengirozi “nyika yose izere nokubwinya kwake.”*

Kubwinya kwake Mwari kuzere munyika yose, asika hakungowanikwi nemunhu wose. Pane gwaro [kana kuti qualification, CV] raunofanira kuva naro kuti uone kubwinya kwaMwari. Muchitsauko 66 Mwari vanoti izvo kuna muporofita Isaiah, *“Munhu wakadai ndiye andichakudza, iye anozvininipisa uye ane mweya wakapwanyika uye anodedera paanonzwa shoko rangau”.*

Vamwe vachitamba nokudikitarira kumutsindo wemagatare nemimwe midimbwa, muporofita anoti akanzwa nheyo dzezvikumbaridzo dzichizunguzwa neinzwi rowakanga achidana, *“Imwe [yemaserafimi] yakadanidzira kune imwe ichiti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Jehovha wehondo; nyika yose izere nokubwinya kwake. Nheyo dzezvikumbaridzo dzakazungunuka neinzwi rowakanga achidana, imba ikazadzwa noutsu”.* Vamwe vachitsviriridza nokunakirwa nengoma nemidimbwa muporofita anoti, *“Ipapo ndikati, “Ndine nhamo! Nokuti ndoparara! Nokuti ndiri munhu wemiromo yakan’ora; ndigere pakati pevanhu vemiromo yakan’ora; nokuti meso akaona Mambo; Jehovha wehondo”.*

Zviri pachenasa kuti zviri kuoneka, nokunzika nemunhu waMwari zvakasiyana kuresa nezvirinzika nekuonekwa nevamwe. Mukubuda Mutemberi muporofita aiva neshoko [message] yakasiyana neyevamwe vose. Chikonzero kuri kuti akange ane mweya wakaputsika, *“Zvibairo zvaMwari mweya wakaputsika, mwoyo wakaputsika nowakapwanyika imi Mwari hamuzoushooi”.* [Pisarema 51:17]. Kana urikundinzwira iti Ameni mudikani!

Makore ose ndozvaari. Pane zvikuru zvinoitwa naMwari pozovawo nezvinoitwa nevanhu venyama. Mubvunzo ndewokuti iwe sedungamunhu unobuda wanzwei kubva kuna Mwari? Mugore rimwe narimwe pane chikuru chinotaurwa naMwari kuvanhu vake. Iwe unozwei? Chii chaunona nhai mudikani? Imbuvai yaunobuda nayo? Chikuru chinokuswisa ndechokuti vazhinji vanozonorangarira zvakaitwa nevanhu kwete zvakaitwa nokutaurwa naMwari. Zvakaitwa

naMwari tinokanganwa, torangarira nokubatirira pane zvakaitwa navanhu. Pfungwa dzedu dzinozono perera parufu rwamambo Uziah. Zvakataurwa nokuitwa naMwari tokanganwa.

Gore ra2020 ndozvarakava uye ndozvarichazova. Murungano rwapasi rose vazhinji vachazorirangarira sego-re rechirwere cheCorona. Ko iwe nhai mverengi wangu? I [message] ipi yawakabuda nayo muna 2020 gore recorona? Hongu vanhu vazhinji vakapera nechakapedze mbudzi. Mafekitari mazhinjisa akavharwa vashandi vazhinjiwo vakabude mumabasa. Hama zhinji dzakatisiya dzimwe tisakadziviga kana kunodziona nemhaka yechirwere cheCorona. Hama neshamwari dzakaparadzaniswa kwemwedzi yakawanda ine chitsama nokuda kwechirwere cheCorona. Izvi ndozvakaitika nekutaurwa. Vanh vakataura. Mwariwo vakataura. Zvakataurwa navanhu tose takazvinzwa. Mubvunzo mukuru ndeunoti koMwari vakatii kwauri mugore ra2020 gore reCorona? Wakanzwei?! Wakawonei?

Mudikani mumakore zana achauya rwako rungano ruchatii? Vanhu vachati wakanzwei kubva kuna Mwari? Koi we uchatu wakanzwei, wakawonei kubva kuna Mwari? Mugore rakafa mambo Uziah, muporofita Isaiah vakaoona Mwari. Mugore rakafa mambo Uziah muporofita Isaya vakanzwe maserafim achiimba mutemberi pachigaro chokubwinya. Isaiah akaoneswa kuipa kwake akareurura uye Mwari vakamuregerera. Kubva Mutemberi muporofita akabuda neshoko [message] raakano paridzira kuvaIsiraeri. Ipapo ndakanzwa inzwi raShe richiti *“Ndingatuma aniko? Ndiani angatiendera”?* Mugore rakafa mambo Uziah muporofita vakabva mutemberi vakagukuchira shoko rokutumwa rakazodzwa. Ipapo ndakati *“Ndiri pano ini, nditumei.”* Iye akati, *“Enda, unoudza vanhu ava, uti...”* Namamwe manzwi ndingati ini muporofita vari kuti mugore rakafa mambo Uziah, ndakaona ndikatumba neShoko.

Ko iweke nhai mudikani? Chii chawakabuda nacho mugore reCorona. Mwari vakakuratidzei? Mwari vakatii kwauri? Kana wotaura nezverungano rwako kuvana vako nerimwe gore samuporofita Isaiah uchatii nai mudikani? Uchanyora here samuporofita Isaiah kuti: *“Mugore ra2020, gore reCorona ndakaona Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira, mipendero yenguwo dzake ichizadza temberu.”* Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinotaura mweya kumaKereke.

**Mharidzo Yokuuya Kwake** imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamoto. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune veGospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming.

Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti weMharidzo Yokuuya Kwake: Godfrey Ndirwenyu

Tumirai minamoto, zvikumbari nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti:

1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.

E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzembozharunhare dzinoti +263 772 929673. +263 292 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

## Chinangwa Chedu Ndecheyi?

1. Chinangwa chikuru che”Mharidzo Yokuuya Kwake” ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweya, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeiyi: “Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvane hwake pamusoro pedu” [Hosea 10:12].

2. Mharidzo, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere mukuzvinipisa kunaMwari; “Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose” [Isaya 55:66; Ps. 105:4].

3. Mharidzo inonyengeterera nokushuwira zvikurusa kudururwa kwamafashamo oMweya Mutsvene “pamusoro pa nyama yose” naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengeterera iyi mutsiridzo. “Kana vanhu vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvinipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegerera zvivi zvavo uye ndicharapa nokuporesa nyika yavo” [2 Makoronike 7:14].

4. Mharidzo Yokuuya Kwake haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari “Uyo anopa, achabudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo” [Zvirevo 11:25].

5. Mharidzo Yokuuya Kwake inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvinipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweivhangeri yomuchinjwa. “Asi saiye akakudanai ari mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita zvose; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene” [1 Petro 1:16].

## Mwari Vedu Vakanaka...

*NaRich Carmicheal*

*“Vongai Jehovha Wamasimba Ose nokuti Jehovha akanaka uye rudo rwake runogara nokusingaperi” [Jeremia 33:11].*

Paunoverenga bhuku yamupurofita Jeremia, uchawana kuti pane chikonzero chikuru uye chakakodzera, kuti nei Jeremia achizivikanwa se “muprofita wekuungudza.” [the weeping prophet]. Nokuda kwokutongwa kwakange kwambowira zvisoma vanhu vaMwari uye kutongwa nokupambazve kukuru neBhabhironi kwakange kuchiswederera, muporofita Jeremia akazadzwa nokusuruwara kukuru. [Munzwe muprofita Jeremia achiungudza] *“Haiwa dai ndaigona hangu kuzvinyaradza pakuchema kwangu. Inzwi inzwi rokuchema kwomukunda wavanhu vangu; rinobva kunyika iri kure, richiti: ‘Ko Jehovah haazi muZioni ere? Mambo waro haazi mukati maro ere? Mwoyo wangu woziya mukati mangu—sezvo vanhu vangu vapwanyiswa, neniwo ndapwanyiswa; ndiri kuchema, uye ndiri kutya zvikuru. Ko muGireadhi hamuna muti webharisamu here? Hakuna here murapi ikoko? Haiwa, dai musoro wangu waiva chitubu chemvura zhinji, uye meso angu riri tsime remisodzi!*

*Ndingadai ndaichema masikati nousiku nokuda kwavakaurayiwa vomukunda vanhu vangu” [Jeremia 8:18-9:1].*

Zvisinei hazvo, kuti ari mukati-kati maikoku kusuwa kukuru, muprofita Jeremia anoti iye zvakare kuvana vaIsiraeri. *“Vongai Jehovha Wamasimba Ose, nokuti Jehovha akanaka uye rudo rwake runogara nokusingaperi” [33:11].* Hapana kana upi zvake munhu aitarisira danidziro kukuvonga kunaka kwa Jehovha kana kurukunzi waive wakararira mararamiro avo ainyangadza avaiveri mumazuva aJeremia uye kutsamwa nokutonga kwaJehovha kwaiva pamusoro pavo. Ukama hwavo naye hwairatidza sohwo-perevedza, nokunoguma zvachose uye pavaiveri ino nguva painge pasisina tariro. *“Zvanzi naJehovha, ronda rako harirapiki, kukuvadza kwako hakupori. Hapana anokureverera mhaka yako, vanga roko harina mushonga, hapana kuporeswa kwako—Ndakakurova sezvinoitwa nomuvengi ndikakuranga sezvinoitwa nouno utsinye nokuti zvivi zvako zvakawanda” [30:12-14].* Zvisina mubvunzo, uye zviripachenawo, mhosva yavo yaive hurusa, uye zvitadzo zvavo zvaive zvakawandisa nokutyisa. Vaive vatendeukira nokusiya Jehovha Mwari wavo uye vakatanga



kuita zvakaipa zvose zvavaikwanisa [3:5; 5:28] uye vato-kanganwa kuita izvo zvakanaka zvinofadza Jehovha [4:22]. Vaiva varasa dzose nyadzi uye vakanganwa kuzvidzora [6:15]. Zvokwadi yakange isisipo [7:28], uye kunyengera kwaive kwatekeshera pakati pavo [9:4-6]. Vanhu vanga vave mapenzi vasisina mifungo yakakwana nokunzwisisa [4:22] uye vatove kumukira Jehovha uye hana dzavo dzisisina kutendeuka [8:6]. Vaiva neumbavha, kuuraya, upombwe, kupika nhema uye vachipisira zvinonuhwira kuna Bhaari [7:9]; uye vachikarira pfuma [6:13]. Haiwa ungati mupo-rofita ari kutaura nezveino nyika kana nguva yatiri kur-arama nhasi nhai? Vaidzvinyirira vatorwa, nherera uye shirikadzi nevarombo uye vachizodza nyika yose neropa risina mhaka [2:34; 5:28; 7:5-6; 19:4]. Vaivakira nzvimbo dzakakwirira kuti vapisire vanakomana nevanasikana vavo [7:31]. Jehovha vanotsanangura Jerusarema seguta “*rizere nokumanikidzwa. Setsime rinoeredza mvura yaro, sizvozo Jerusarema rinodurura zvakaipa zvaro. Chisimba nokuparadza zvinonzwikwa mariri*” [6:6-7]. Tsika dzavo dzinotyisa, kunyangadza nokurutsisa [8:12; 13:27; 18:13]. Vaiibva pane chimwe chivi kuenda pane chimwe chivi. Kanapo zvivi zvavo zvaive zvazakwatira saizvozo, dam-budziko guru raivepo raiva rokuti vaive vatendeukira kuzvi-mwari zvamamwe marudzi vachisiya Mwari wavo. Zvakare, kanapo Mwari vaive vazviratidza somurume akavimbika kwavari, ivo vaive vasina kuvimbika, vachiita choupombwe nokuzvisvibisa pamweya vachirarama “sechifeve chinavadi- iwa vazhinji – uye “sezvinoita mukadzi asina kutendeka kumurume wake, saizvozvowo makanga musina kuvimbika kwandiri imi imba yaIsraeri” anodaro Jehovaha [3:1; 3:20].

Vaive vafuratira Mwari wavo [2:27] uye varamba Shoko rake [uye nokurasika] panzira dzake. Vaporofita navapirista vaiita sokunge zvinhu zvose zvakanaka uye sezvisina kuita manyama amire nerongo parudzi rwaMwari: “*Vanosunga ronda ravanhu vangu sokunge vasina kukuvara zvikuru. Vanoti, “Rugare rugare ipo pasina rugare”* [6:14]. Asi Jehovha, avo vanotsvagisisa nokuziva zviito nemwoyo womunhu, vaiziva udzamu hwezvitadzo zvavo.

Kuramba kwavo nzira dzake, zvichitutsidzirwa nokuna- mata zvimwe zvimwari nokufarira kwavo zvakaipa zvakadenha nokutokonya hashha nokutsamwa kwaM- wari [32:30-32]. Semhinduro, anovayambira nezvekuuya kwokutongwa pamusoro pavo: “*Ndiri kuuyisa rudzi runobva kure kuzokurwisai, rudzi rwakare kare uye rudzi rwakashinga...Magaoba avo akafanana neguva rakashama, vose zvavo varwi vane simba. Vachadya zvamakakohwa nezvekudya zvenyu, vachauraya vanakomana navanasikana venyu, vachadya makwai enyun nemombe dzenyu, vachadya mazambiringa namaonde enyu. Vachaparadza nomunondo, maguta enyu akakomberedzwa iwo amunovimba navo*” [5:15-17].

Zvechokwadiwo kutongwa kwakauya, apo hondo huru yeBhabhironi yakauya kuzorwisa nokuparadza Jerusarema, ichitora vanhu vaMwari kuenda navo muranda [39:1-9].

Ko Nemhaka yeiko pakati pezvivi nokutongwa kwose uku Jeremia aidanidzira achiti: “*Vongai Jehovha Wamasimba ose, nokuti Jehovha akanaka; rudo rwake runogara nokus- ingaperi?*” [33:11].

Mhinduro tinoiwana muchimiro chaiye Mwari uye neiz- vozvaari. Kanapo Jeremia achitipa tsanangudzo dzakawa- nda dzokusavimbika kwevanhu vaMwari, anotipawo yeuchidzo dzakawanda nezvekunaka kwaMwari. Zvisinei nokutadza kwavanhu vake, zvisinei nokusviba kwenguva yavaiveri, Ishe vakanaka uye rudo nenyasha dzavo zvinog- arawo nokusingaperi. Imbofunga neni chokwadi chinofadza pamusoro pokunaka norudo rwa Jehovha zvakasonedzerwa muiyi bhuku yaJeremia.

**1. Mwari havadi kutumira kutongwa, kwete, vano- tozotumira kutongwa sechidano chokugumisidza; uye kuti vatibatsire kuti vatidzikinure.** Kanapo Ishe vari Mutongi Mukuru Akanaka, vane kodzero yokutonga vanhu vavo pamusoro pezvivi zvavo zvose, havadariri kun- gotonga nokuranga [asi zvitadzo zvedu ndozvinovasvitsa pachinhanho ichocho]. Munguva yaJeremia, Mwari vaka- tumira kutongwa nokuda kwokuti zvivi zvaive zvasiya pasi- sina mumwe mukana: “*Tsika dzako namabasa ako ndizvo zvauyisa izvi pamusoro pako; zvakaipa zvako zvichaku- ranga; kudzokera shure kwako kuchakutuka. Rangarira uye uyeuke zvino kuti zvakaipa sei uye zvinovava sei kwauri ukange wasiya Jehovha Mwari wako, uye usingandityi*” [2:19]. Pavakafungisisa nezveudzamu hwezvivi zvavanhu vavo, Ishe vakasara vasisina imwe sarudzo: “*Ko, handifan- iri kuvaranga pane zvivi [zvavo] here*” [5:29].

Mwoyo murefu waMwari unoratidzwa nenzira yava- noyambirave vanhu vavo nguva nenguva, vasati vatumiro kutongwa, achitarisira kuti vachatendeuka vonzvenga kutongwa. “*Kubvira panguva yavakabuda muljipiti, madziteteguru enyu kusvikira iko zvino, zuva nezuva, nda- katuma varanda vangu vaprofiti ndavatumazve*” [7:25]. Mwari vakasimudza Jeremia kuti ashande semumwe waava vaprofiti, kuyambira vanhu vaMwari uye kuvadanidzira kukutenduka. Jehovha vakatuma Jeremia kuti audze vanhu vose, “*zvose zvandakurayira, usadarika kana shoko rimwe chete, zvimwe vachanzwa mumwe nomumwe akadzoka panzira dzake dzakaipa. Ipapo ndichazvidemba ndiga- arega kuisa pamusoro pavo njodzi yandanga dnichifunga kuvaitira nokuda kwezvakaipa zvavakaita*” [26:2-3]. Ishe vakapa vanhu vavo makore akawanda okutendeuka pasi poushumiri hwaJeremia. “*Wamakore makumi maviri namatatu shoko raJehovha ranga richiuya kwandiri uye ini ndakataura Ndataurazve kwamuri, asi hamuna kuteer- era*” [25:3]. Mwari zvakavakuhuna kuti, “*kunyange nda- kavadzidzisa ndavadzidzisazve havana kuteerera kana kutsiurika*” [32:33]. Anoita zvose zvaanogona kuti tisaw- ire mukutongwa. Zvingori chete kuti kana vanhu vake vakaramba kuteerera yambiro dzake uye danidziro kukuten- deuka kuti kutongwa kunozouya.

Asi zvakangodaro hazvo, Mwari havadakariri kuparadza vanhu vavo, vanoedzazve mukutonga ikoko kudzoredzera vanhu vavo kuupenyu pamweya: “*Haiwa, zuva iro richatyisa sei! Hakuna richafanana naro. Ichava nguva yokutam-budzika yaJakobho, asi iye achaponeswa pairo. ‘Pairo zuva’ ndizvozvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, ‘ndichavhuna joko pamitsipa yavo uye ndichada mbura zvisungo zvavo; havachazoitwizve varanda navatorwa. Asi, vachashumira Jehovha Mwari wavo naDhavhidhi mambo wavo, iye wandichavamutsira. Saka usatya iwe Jakobho muranda wangu; asavhunduka, iwe Israeri ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichakuponesa uri Kure zvirokwazvo, nezvizvarwa zvako kubva munyika yokutapwa kwavo. Jakobho achavazve norugare nokugara zvakanaka, uye hakuna achazomutyisa...*” [30:7-11].

**2. Mwari vanodakarira kutiregerera.** Kanapo vanhu vake vachiramba nokumumukira, Ishe vanodakarira zviku kwazvo kuregerera. “*Dzokai imi Israeri vokusatenda, ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘Handichazorambi ndakafinyamisa chiso change kwamuri, nokuti ndizere nengoni,’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘handingarambi ndakatsamwa nokusingaperi’*” [3:12]. Asati avaendesa muutapwa, Mwari vanga vachitarisira kuzuvo iro vaizo vatamba nudzira ruoko rwavo rworuregerero: “*...ndicharapa vanhu vangu uye ndichaita vave norugare rwakawanda nokuchengetedzeka. Ndichabvisazve Judha neIsraeri norugare kubva muutapwa ndivavakezve sepakutanga. Ndichavanatsa pachivi chose chavakanditadzira, ndigovakanganwira zvivi zvavo zvose zvokundimukira kwavo*” [33:6-8].

Mufananidzo wedakariro yaJehovha kukanganwira vanhu vake, uye kuvanzvengesa kukutongwa, kunoonekwa nemanzwi aya kuna muporofita Jeremia: “*Kwirai nokudzika nemigwagwa yeJerusarema, tarirai pose pose mugofunga, tsvakai muzvivara zvaro muone, kana mukawana kana munhu mumwe anoita zvakanaka uye anotsvaka zvokwadi, ipapo ndicharegerera guta iri*” [5:1]. Kanapo chinangwa chikuru chaMwari chaiva chokunongedzera kuhuori hwo-munhu wose, asiwo vanozarurira kudisisa kwavo kukan-ganwira nekuregerera guta ravo. Sepana Abrahama, paai nyengeterera Sodhoma, akava nesimba rokukumbirira kuregererwa kwedhorobha kana maiva nevanhu gumi vakanaka Panyaya yaJeremia, Mwari vaidakarira kuregerera nokupu-nyutsa guta ndokunge mawanikwa munhu mumwe chete akanaka.

Zvakarewo, muchapwititi chokutadza kukuru ikoku, Jehovah vaitarisirawo zuva ravaizonotumira Mwanakomana wavo kuzoponesa vanhu vavo kubva muzvivi zvavo: “*Mazuva achauya, ndizvo zvinotaura Jehovha, pandichamutsira Dhavhidhi Davi rakururamo, Mambo achatonga nouchenjeri nokururamisa uye nokuita zvakarurama munyika. Pamazuva ake Judha achaponeswa uye Israeli achagara norugare. Zita raachatamidzwa ndirori: Jehovha Ndiye Kururama Kwedu*” [23:5-6]. Panguva yaJeremia

ipapo, Mwari vakatenge votofunga nezvechibvumirano chitsva zhaizovapo kubudikidza neropa rakristu: “*Nguva inouya,*” ndizvo zvinotaura Jehovah, “*yandichaita sungano Itsva neimba yaIsraeri uye neimba yaJudha...Iyi ndiyo sungano yandichaita neimba yaIsraeri shure kwamazuva iwayo*” ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichaisa mirayiro wangu mundangariro dzavo, ndigounyora mumwoyo yavo. Ndichava Mwari wavo, uye ivowo vachava vanhu vangu – nokuti vose vachamuziva kubva kumuduku wavo kusvikira kumukuru” ndizvo zvinotaura Jehovha. “*Nokuti ndichavakanganwira kuipa kwavo, uye handingarangarizve zvivi zvavo*” [31:33-34].

**3. Mwari vanopa tariro nechivimbiso choupenyu hunofadza.** Pane imwe nhanho, muporofita Jeremia anotumira tsamba kuvapoteri [nhapwa] muine aya mashoko: “*Panopera Makore makumi manonwe, ndichauyazsve kwamuri ndigozadzisa zvakanaka zvakavimbisa kuti ndichakudzosea kunzvimbo ino. Nokuti ndinoziva urongwa hwandinahwo pamusoro penyū...urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa hunokupai tariro nermangwana. Ipapo muchandidana kwandiri uye muchauya kuzonyengetera kwandiri uye neni ndichakunzwai*” [29:10-12]. Hama, tarirsawo Mwari wezvishamiso watinaye! Kana dai tikazviona tiri pakati-kati pokutongwa neunhapwa nokuda kwezvivi, Ishe vane urongwa hwokuti tibudirire, kutipa tariro neramangwana uye kutidzoredzerazve paukama hwedu navo. Svisvinira muhana mako ayazve manzwi anotevera, anoratidza izvo zvakanaka zviri mupfungwa dzaMwari maererano neramangwana redu, zvisinei nekuoma kwazvino. “*Ndichasimbisa vanenge vaneta nokugutsa vanenge vaziya*” [31:25]. “*Asi mushure mokuvadzura ndichavanzwirazve tsitsi uye ndichadzosa mumwe nomumwe wavo kunhaka yake...*” [24:6-7]. “*Ndichashandura kuchema kwa vo kuti kuve mufaro, ndichavanyaradza nokuvapa mufaro pachinzvimbo chokusuwa*” [31:13]. “*Ndichavafambisa nepahova dzemvuro, napanzira yakati chechete yavasingagumburwi*” [31:9]. Nokuda kwaizvo zvose zviri mupfungwa dza Mwari kwatiri, anotipa aya manzawi “*Ramangwana rako rine tariro.*” Mwari ngaarumbidzwe, Alleluya! Mufananidzo mukuru watinopihwa naJehovha pamusoro petariro yekudzoredzerwa kwevanhu vake, murayiro wake kunaJeremiah wokuti atenge munda vanhu vasati vapinda muutapwa. Yakanga isiri nguva yakanaka yokutenga midziyo, asi Mwari vakashandisa uyu mukana kuratidza chokwadi chokuti nerimwe zuva unhapwa huchachepera, vanhu vagodzokazve, uye “*minda yose yemizambiringa zvichatengwazve munyika ino.*” Muna Jehovha, chokwaditine tariro neramangwana rakanaka!

**4. Mwari vanokwanisa kuitira zvakanaka vanhu vavo, zvinhu zvinoratidzika sezvisingagoneki.** Pane chimwe chinhanho Mwari vanotsanangura kushaya tariro

nokuomarara kwenguva yaive nevanhu vavo: “Ronda rako harirapiki, kukuvadzwa kwako hakupori” [30:12]. Asi vano-enderera mberi vachiti, “Asi iwe ndichakudzorera pautano uye ndichaporesa maronda ako” [30:17]. Zvisingagoneki kubva mumatarisiro evanhu, zvinogoneka panaMwari. Jeremiah anokosora nokuputika neiyi rumbidzo kusimba raMwari: “Haiwa, Ishe Jehovha, ndimi makaita matenga nenyika nesimba renyu guru noruoko rwenyu rwakatambudzwa. Hakuna chinhu chakaoma kwamuri. Haiwa imi Mwari mukuru ane simba guru, mune zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose, zvinangwa zvenyu zvikuru uye mabasa enyu makuru” [32:17-19]. Iye “akaita nyika nesimba rake, akateya nyika nouchenjeri hwake, uye akakutambanudza matenga nokunzwisisa kwake. Paanotinhira, mvura zhinji iri mumatenga inoita mubvumo, anoita kuti makore asimuke kubva kumigumo yenyika. Anotuma mheni pamwe nemvura uye anouyisa mhengo kubva mumatura ake” [10:12-13]. Sokutaura kwaMwari pachavo, “Ndini Jehovha Mwari wavanhu vose. Iko pane chinhu chingandiomera here?” [32:27].

**5. Rudo rwaMwari runokatyamadza, rukuru uye runogara nokusingaperi.** Vakavimbika nokusingaperi kuvanhu vavo. Ivo Ishe vanogoverana manzwi akaisvonakisa aya nevanhu vavo, “Ndakakudai norudo rusingaperi, ndakakukwevai nokunaka kworudo rwangu” [31:3]. Vanonongedzera kukusatsukuduka kwezvo, mwedzi nenyenyedzi semuenzaniso wemwoyo wavo kuvanhu vavo: “Iye anogadza zuva kuti rivhenekere masikati, anoisa chirevo kumwedzi nenyenyedzi, kuti zvivhenekere usiku, iye anomutsa gungwa kuti aro atinhire, Jehovha Wamasimba Ose, ndiro zita rake. ‘Kana chete mitemo ikabva pamberi pangu’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘ndiko kuti zvizvarwa zvigume kuva rudze pamberi pangu’” [31:35-36]. Vanonongedzerawo kuukuru hwepasi rose semuenzaniso hweukuru hwerudo rwavo kuvanhu varo: “Kana chete matenga ari kumusoro akogona kuyerwa, uye mhengo dzenyika dziri pasi dzikagana kunzverwa, ipapo ndipo pandingarambe zvizvarwa zvaIsraeri, nokuda kwazvose zvavakaita” [31:37].

**6. Mwari vakanaka.** Zvisinei nokuti vanhu vakaipa sei, chokwadi ndechokuti Mwari vakanaka nokusingaperi. Mukatikati mehasha neushungu hwavo, kumagumo kwazvo Mwari nvanoti shuwira zvakanaka uye kugoverana nesu unaku hwemoyo wavo. Chimbofungisisa nezvezvi vimbiso izvi, izvo zvinoratidza shuviro yaMwari kuti naisira unaku hwavo: “Zvirokwazvo ndichavounganidza kubva kunyika dzose dzandakanga ndavadingira pakutsamwa kwangu kukuru nehasha dzangu huru; ndichavadzozazve kunzvimbo ino ndigovagarisa zvakanaka. Vachava vanhu vangu, ini ndichava Mwari wavo. Ndichavapa mwoyo mumwe nemaitiro mamwe, kuitira kuti vagare vachinditya zvigovanakira

ivo navana vavo vanovatevera. Ndichaita sungano isingaperi navo, handingatongomiri pakuvaitira zvakanaka, uye ndichavakurudzira kuti vanditye, kuitira kuti varege kuzotsauka kuba kwandiri. Ndichafarira kuvaitira zvakanaka uye zvirokwazvo ndichavasimo munyika ino, nomwoyo wangu wose uye nomweya wangu wose” [32:37-41]. Mwari vanofarira kugoverana nesu kunaka kwavo: “ndini Jehovha anoita uyoro, nokukururamisira, nokururama panyika, nokuti ndinofarira izvozvi” [9:24].

Mwari vedu ndiMwari mutsvene, Shoko ravo nderechokwadi uye nzira dzavo dzose dzakanaka. Vanodokwairira kukanganwira, kukupa tariro neramangwana, kuratidza simba ravo guru muupenyu hwedu, kutizarurira rudo rwavo rwakadzama uye kuratidza kunaka kwavo kwatiri. Chikonzero nei? Imhaka yokuti isu takafanira here? Kwete! Asi zvingori nemhaka yokuti ndoozvavari. Ishe vedu “itsime remvura mhenyu” [2:13]. Ndiyo mhaka nei zvisingashamisi kunzwa muprofito Jeremia vachiti: “Vongai Jehovha Wamasimba Ose, nokuti Johovha akanaka uye rudorwake runogara nokusingaperi.”

Ngati tendeusirei mwoyo yedu kwavari. “Ishe, tinotendusira hana dzedu kwamuri. Titumirei rumutsurudzo urwo tinotsvaga nameso matsvuku.”

## Mharidzo yaJesu muZvakazarurwa

“Akaropafadzwa” uyo anoverenga mashoko ouporofita uhu, uye vakaropafadzwa avo vanohunzwa uye vanochengeta pamwoyo yavo zvakananyorwa imomo, nokuti nguva yava pedyo [Zvakazarurwa 1:3].

“Vakaropafadzwa” vakafa vanofira muno She kubva zvino, nokuti vachazorora uye mabasa avo achavatevera [Zvakazarurwa 14:13].

“Akaropafadzwa” uyo anogara akasvinura uye anochengeta ngu dzake, kuti arege kufamba akashama uye afukurwe zvinonyadzisa [Zvakazarurwa 16:15].

“Vakaropafadzwa” avo vanokokwa kuchirairo chokuwana cheGwayana iye akatizve, “Aya mashoko echokwadi aMwari” [Zvakazarurwa 19:9].

“Akaropafadzwa” uyo anochengeta mashoko ouprofita huri mubhuku iri. Tarirai, ndinokurumidza kuuya [Zvakazarurwa 22:7].

“Vakaropafadzwa” avo vanosuka ngu dzavo, kuti vave nesimba rokuuya kumuti woupenyu uye vagopinda muguta napasuo [Zvakazarurwa 22:14].

“Vakaropafadzwa” avo vano mugove pakumuka kwokutanga [Zvakazarurwa 20:6].



# Rave Awa Rokuguma

NaVa W. C. Moore

*[VaW.C. Moore vakazvarwa mugore ra1890 vakazoshaya mugore ra1980. Ivo nomudzimai wavo Sarah Foulkes (1890-1973) ndivo vakatanga kudhinda pepanhau reHerald of His Coming muchirungu kumakore aana 1940 uko. Kubva mumagazini iyi yeHerald Of His Coming ndimo matinokoponora zvinyorwa zvose tichizviisa muchiShona kuti tive nemagazini yeMharidzo Yokuuya Kwake- Mupepeti.]*

Mwaka wokufamba wasvika. Awara chairo-iro rokuuya kwaKristu hongu hapana anoriziva. Hapana, wenyama munhu anoziva nguva iyo Ishe wedu achaburuka kudenga nokudanidzira, nezwi romutumwa mukuru, achizitora vake kubva muino nyika yezvivi nokusuva [1 VaTesaronika 4:16]. Asi chatinoziva ndechokuti mwaka wacho wakwana uye awara yokuguma riri kusvedera paduku nepaduku. Wakagadzirira here nhai hama yangu? Pamusoro paizvozvo uri kuda here kuenda? Unofarira here zvimwe zvinhu kana vamwe vanhu kupfuura iyi nyaya yokuuya kwake. Ziva Mwari vedu vane godo.

Jesu vanoti ivo, “[Uyo] anoda baba kana mai vake kupfuureni, haana kundifanira, uye neuyo anoda mwana-komana nomwanasikana wake kupfuureni haana kufanireni” [Mateo 10:37]. [Nhaisi mudikani hama] Uchabvumira here ani naani kana chiri chii zvacho kuti chikudhonzere kumashure mugadziriro yako yorudaniro rwokumusoro. [Pakuuya Kwake] Pachave nechikwata chevakaagadzirira, “...Chikomba chakasvika, zvino vakanga vakazvigadzirira vakapinda naye pamutambo wemuchato, suwo rikapfigwa” [Mat 25:10]. Uri mo her muchkwata ichi uye wakagadzirira here iko zvino? Uye uri kuramba here wakagadzirira kuuya kwaShe, apo ari kukuvhenekera paduku nepaduku kuti usvetuke mukuzvinipisa uchiita basa rake – kuti uzvinate sezvo iye akakudana uye ari kuuya ari mutsvene uye akanaka. Uri kutsungirira nokubata pamwe chete naKristu here nhaisi, kuti munguva inotevera ugozobata ushe pamwe chete naye. “Kana tikatsungirira, tichabata ushe pamwe chete naye” [2 Tim 2:12].

Munyengererane Mumwe kwoMumwe Hazvingadaro here kuti watotanga kurova vamwe veranda vanoshanda pamwe chete newe, ugodya nokuraradza, pamwe nevanoradza nemhoka yokuti unofunga kuti Ishe vanonoka [Mat 24:44-51]. Uri kupedzara here nguva yako yakareba uchisoropodza mamwe maKristu pane kuvanyengererera. Hausi kuzvinetsa here nokuti nhaisi ndichanwei, ndichadyei pano kufambisira mberi zvivo zvaKristu nokuparidzira ivhangeri kunyika dzose.

## “Chenjerera Nguva...”

Hausi kungorasa-rasa nguva yako here uchingotaura nyaya dzisina maturo, nezvana zvevaporofita, uku uchingo

kwazisa wose waunosangana naye, “uchipfuudza nguva” naani zvake anongokandirwa munzira yako nowakaipa – kana kuti uri urikupedzera simba roupennyu hwako mumufaro wokushandira uyo akakufira. Wakatakura here muchinjikwa wake zuva rimwe nerimwe uchimutevera. Uri kumutevera here Jesu Kristu Muponesi wako. Uri kuzvirumbidza here nokutakura muchinjikwa waMambo Jesu, pane kuzvirumbidza nokutakura muchinjikwa wako. Mwanakomana waMwari akakosha here kwauri kupfuura zvose: uye unofarira here kuti uite kuda kwake Mwari pano kuda kwako. Unofarira here kupira zvako zvose – kuti upennyu hwaKristu huwanikwe mauri.

[Haudaro] Uri kungoreurura zvitadzo zvako asi usingazvisiyi zvachose. Kana wadzika-dzika ukanobate mhedzisiro yetendeuko, apo wakabuda wave kuvenga chose chinonzi chitadzo muupennyu hwako; zvokuti iko zvino wave chapupu chitsvene chaMwari, uye choutsvene pose paunoenda. Uri kunetsekana here nechimiro chako pamberi pevanhu kupfuura zvauri pamberi paMwari. Unotya here [nhaisi hama] kugumburisa vanhu pano kudzima Mweya waMwari anopona?

## “Svinurai, Murinde...”

Uri chapa here, kuva uyo anozviisa mukutaura zvoupenzi nokungonemera izvo zvisina kufanira – kunyangadza pamberi paMwari. Kana kuti wakasvinura nokurinda sezvinorehwa neShoko raMwari. “Svinurai, murinde; muvengi wenyu Dhiabho, anofamba-famba seshumba inodzvo, ichitsvaka waingaparadza” [1 Petiroso 5:8]. Uri uya anongorasarase muromo? Kana kutaurisa zvokuti? [Somuenzaniso] Simba rako rinongopera here pakuridzir huta, pane kuti ris-handiswe pakufambisa “chitima” choupenyu hwako? Inzwa “Kudarika hakungakoni pamunhu ana mashoko mazhinji. Asi anodzora miromo yake, ano huchenjeri” [Zvirevo 10:19]. Hauna here mweya [nomwoyo] wakaomera? Kana nepfungwa yakadzika, yokuzvinipisa unoti vamwe vanokupfuura pakunaka [Firipi 2:3]? Uri kungo “taure” minamoto? Kana kuti uri kunamata zvichibva mukati-kati mehana yako? Hausi kubvumira here wakaipa kuti aite dambe-mutambe nedzako pfungwa? Kana kuti urikumudzivisa wakamira musimba rokutenda uye singatengomupi nzvimbo kana muupennyu hwako? Rangarira Satani mupomeri wehama dzedu [Zvakazarurwa 12:9-11]. Dai Mwari [vedu] vatibatsira kunzvere mwoyo nehana dzedu kuti tigogara takagadzirira kuonekwa kwake uye kuti “tishambadzire,” (Kuramba takabatikana mukuda kwake uye mumushando wake inorumbidzwa), kusvikira auya [Ruka 19:13]. “[Naizvozvo] Rindai nguva dzose, mukumbire, kuti mugone kupukunyuka pazvinhu izvi zvose zvinoitwa, mugomira pamberi poMwanakomana womunhu” [Ruka 21:36].

## ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda (2 Timoti 3:16).

2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararama upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasazvudza vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengerera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Psarema 122:6).

## Manyepo Pamusoro Palsiraeri

*NaDavid R. Reagan*

[Rungano runoshamisa rwenyika yeIsiraeri muchiporofita cheBhaibheri chiratidzo chikurusa chohuvepo hwaMwari uye kuti Bhaibheri ishoko rezvokwadi. Rungano runoratidza zvakare pasina anoramba kuti Mwari vari pachigaro chavo uye vane njere nesimba rokuona kuti rungano rwavo nokuda kwake kunozadzikiswa- **Mupepeti.**]

Pane mhando mbiri dzemanypomupengo [myths kana kuti nyeponganurwa] dziripo nhasi pamusoro pavaJudha uye nyenika yaIsiraeri. Pane manyepomupengo akaipisisa omuchitendero anobikirudzwa navadzidzisi, kana kuti vadzidzi, vezveBhaibheri [theologians], kuchiKristu kwozova neezvematongerwo enyika [political] ayo ari kugarokodzongewa, zvine ukasha nevavengi venyika yaIsiraeri nhasi. Manyepo omuchitendero aya akadzika midzi yawo nokusimidzirwa zvakadzika mudzidziso inonzi nechirungu **Replacement Theology** [Dzidziso inoti chinzvimbo chaIsiraeri muurongwa hwaMwari chakapihwa kuKereke yaJesu Kristu]. Manyepo aya anosanganisira mhosvo idzi dzinotevera:

1. Mwari vakageza maoko avo kare pamusoro porudzi rwaJudha, nemhosva yokuramba nokuuraya kwavo Ishe Jesu Kristu.

2. Mwari vakabvisa Israel muurongwa hwavo [hwokuponesa nyika], ndokuisa Kereke pachinzvimbo chake.

3. Zvivimbiso zvose zvamakomborero kuna Israel zvaveku uye zvakadururirwa kuKereke.

4. Mwari havasisina urongwa zvachose nerudzi rwavaJudha.

Zvose zvipomerwa izvi zviru zvina, manyepo machena zuva rakacheka nyika, uye ndakamboti kurukurei nezvawo muzvinyorwa zvangu zvakapfuura, zvikuru sei mubhuku rangu rinonzi, "**The Jewish People: Rejected Or Beloved?**" [MuchiShona tingati "**Rudzi RwavaJudha: Rwakarashwa Kana Kuti Runodiwa?**"]

### Zvokwadi Yakakoshesesa...

Hoko huru yokutanga, inofanira kuzivikanwa nokurovererwa zvakasimba pamusoro pamanyeponganurwa aya ndeyekuti aya haasingori manyepo-hweke bodo. Manyepo akasimwa ane midzi muruvengo runopisa rwaSatani



pamusoro pava Judha. Satani anovengesa vaJudha zvine ukasha nemhaka yokuti:

1. VaJudha ndevakasarudzwa vaMwari.
2. Mwari vakapa pasi rose Magwaro Matsvene kubudikidza nerudzi rwavaJudha.
3. Kwakavazve kubudikidzazve navaJudha kuti Mwari vakatipa Jesu Kristu Muponesi wedu.

Satani anovengazve vaJudha nemhaka yezvivimbiso zvakapihwa naMwari kwavari. KuvaJudha Mwari akavimbisa kuti:

1. Chikamu chikurusa chavaJudha chichaponeswa munguva yokuguma pakudzokazve Kwepiri kwaJesu [**Second Coming of Jesus**] apo vachatendeuka nokumutambira saMuponisi. [Zachariah 12:10 *Uye ndichadurura mweya wenyasha nowokunyengetera paimba yaDhavidha uye pavagari veJerusalem. Vachatarisa kwandiri, iye wavakabaya, uye vachamuchema souya anochema mwana wake mumwe woga, uye vachachema kwazvo souya anochema mwana wake wedangwe.*]

2. Mukutenda vaJudha vachaunganidzazve munyika yavo yechipikirwa. *"Kana kuropafadzwa kwose kwandaisa pamberi penyu kwakuwirai uye mazviisa pamwoyo kwose kwamunoparadzirwa naJehovah Mwari wenyu pakati pendudzi dzose, uye kana iwe nevana vako ukadzokera kuna Jehovah Mwari wako, ukamutererera nemwoyo wose nemweya wako wose maererano nezvose zvandakurayirai nhasi ipapo Jehavha Mwari wenyu achakudzorerai pfuma agokunzwirai tsitsi nokukuunganidzai kubva kundudzi dzose kwaakakuparadzirai... Achakudzosi kunyika yamadzibaba enyuuye muchaitora igova yenyu. Achakuita kuti munyanyobudirira uye muwande kupfuura madzibaba enyu".* [Dhetoronomi 30:1-5]

3. Nyika yaIsiraeri ichapihwazve ivhu rose ravakavimbiswa Musungano yaMwari naAbhurahamu [Genesis 15:18-21]

4. Nyika yavaJudha ichava iyo utungamiri pasi rose mumakore anechuuru okutonga kwaKristu [**Millennial Reign of Jesus**]. [Isaya 2:1-4]

5. Makomborero aMwari muChiuru chamakore [**The Millennium**] achadururwa kunyika dzose kubudikidza nerudzi rwavaJudha. [Isaya 62:1-7].

6. Pasi rose richaremekedza vaJudha kwazvo zviya zvokuti kana muJudha akangopfuurira hake, varume gumi vendimi dzose nendudzi dzose vachamubata vagoti, "Ngatiendei tose newe, nokuti takanzwa kuti Mwari anewe" [Zakaria 8:23]."

Satani haadi kuona kana chimwe zvacho chezvimbiso izvi chichizadzikiswa *muupenyu hwavaJudha*, naitzvovvo akazvigadziria kutsvaira vose vanhu vechiJudha. Ndochaiva chinangwa Gukurahundi ravaJudha [Holocaust] apo potse chikamu chimwe muzvina chavaJudha zvakaparadzwa naHitler weGermany. Ndicho chikonzero nei achitsvaga *kuparadza* kutsvairazve rudzi rwavaJudha munguva

Yekutambudzwa [**The Tribulation**] apo achakwanisazve kuuraya zvimwezve zvikamu zviviri muzvitanu chavaJudha. [Zakaria 13:8 *"Munyika yose", ndizvo zvinotaura Jehovah, zvikamu zviviri muzvitanu zvichaurayiwa uye zvichaparara; asi chimwe chete muzvitanu ndicho chichasaramo*]. Asika Satani achakoniwa hake muurongwa uhu nemhaka yokuti izvi zviru muurongwa hwaMwari kudzorera zve vakasara vavaJudha kukutendeuka nekuponeswa. Uye Mwari vakazvimisira kuzadzikisa zvose zvivimbiso zvavo kuvanhu vechiJudha. Mupositori anokohomekesa chokwadi ichi paano nyora aya mashoko aya.

### VaRoma 3:1-4

- 1) Ko muJudha anopfuura vamwe pakudii, uye kudzingiswa kunobatsireiko?

- 2) Zvizhinji nemitowo yose. Pakutanga ndivo vakapihwa mashoko aMwari chaiwo.

- 3) Ko toti kudini? Kana vamwe vasina kutenda kusatenda kwavo kunogonesa kutendeka kwaMwari ere?

- 4) Kwete kwete! Mwari ngaave wechokwadi, asi vanhu vese vave nenhema.

Kwamakore zviuru zviviri apfuura mhinduro yeKereke kumubvunzo wechitanu wakava "Hongu" ane mutsindo. Asi mupositori Pauro anoupindura "Kwete" zvakapomhodzwa. Achiturikirazve pamusoro penyaya iyi mupositori Pauro anonyorazve kuvaRoma chitsauko 9 achiti:

### VaRoma 9:3-5

- 3) Nokuti ini ndinoshuva kuti dai ini pachangu ndaiva munhu akatukwa uye ndakaparadzaniwa naKristu nokuda kwehama dzangu, ivo vorudzi rwangu, ivo vanhu vaIsiraeri.

- 4) ... Vanhu vaIsiraeri. Kuva vana ndokwavo, nokubwinya ndokwavo, nesungano ndeyavo, nokupihwa kwomurairo, nokunamata Mwari Mutemberi, uye zvipikirwa ndezvavo.

- 5) Madzibaba ndaavo uye naKristu akabva kwavari panyama, ari Mwari pamusoro pazvose, anokudzwa nokusingaperi. Amen!

Mashoko aya akanyorwa mushure mokuambwa kweKereke yokutanga, uye sezvaunozvionera, mupositori Pauro arikukomekedzesa kuti Mwari vachine ukama hwakadzama naIsiraeri uye havasati vadzokera shure pazvivimbiso zvavo navo. Kuna vaRoma chatsauko 9 kunosvika muchitsauko 11, mupositori Pauro varikuzvianika pachena kuti Mwari havana kumbogeza maoko avo pavaJudha uye kuti Kereke haina kumbobvira yatora chijana chaIsiraeri muurongwa hwaMwari hwokuponesa nyika. Ivo Jesu Kristu pachavo vanoti ivo havazodzokizve panyika kusvikira nezuva iro vaJudha vose vachati, "Akaropafadzwa anouya muzita raShe". [Mateo 23:37-39].

Asika, zvisinei hazvo nezvivimbiso zvaMwari izvi, Satani ari kungoshingairira muupengo hwake kuvaJudha nemhaka yokuti anozvinyengera kuti angapfuura Mwari muungwaru

hwavo- zvinoratidza izvo kuti unyengeri hukurasa kuzvin-yengera iwe pachako.

Naizvozvo Satani arikungo kurukiridza dzinyika pasi rose kuti dzizingizirire kanyika kadikidiki keIsraeri dzichipesvedzera manyepo aya pamusoro pavaJudha nenyika yavo.

Manyepo aya ari kupesvedzerwa nevatungamiri vezvematongerwo enyika, paine chinangwa chokurwisanisa nyika dzapasi rose navaJudha, uye chinangwa chikuru chiri chokuparadza nyika yavaJudha.

Vezenhau vakazadzwa neaya manyepo pamusoro pan-yika yaIsraeri, uye parizvino zvinorakidzika sokunge zviri kushanda kwazvo kubikiridza ruvengo kuva Judha nenyika yavo.

### 1. Nyepomupengo [myth] rokutanga nderinoti vaJudha havana nhaka nekodzero munyika yePalestine.

Mukudavidza aya manyepo, regai nditange nokukuyambirai kuti shoko rokuti Palestine hariziri shoko romubhaibheri. Hauriwani mubhaibheri Shoko raMwari panze pekuzvimepu dzenyika kumashure uko kweBhaibheri. Vara irori, rokuti Palestine, harizi rechokwadi. Inhema uye nderekurwisanisa. Chakauya kuzozivikanwa kunzi Palestine [Philistine] yaive iri nyika yavaIsraeri kwemakore chiuru namazana mashanu [1,500] - munguva yavatongi namadzimambo. Nyika yavaIsraeri haina kumbogara ichzivikanwa sePalestine kusvika guta reJerusalema rarwiswa nekuparadzwa navaRoma mugore ra70 AD apozve vakaparadzira vaJudha pasi rose kubva munyika yokwavo. Vara rokuti Palestine rakabva kurevaRoma rokuti Philistines. Naizvozvo vaRoma vakapa Isiraeri zita revavengi vavo rokuti Palestine sekutokonya uye sechinyadziso kuvaJudha. Naizvozvo, kumubvunzo wokuti vaJudha vane mugove ere munyika iyi, mhinduro ndi "**hongu!**"

### Mugove Wenyika Maringe NeShoko

Mwari wavaJudha ndiye akasika matenga nepasi rose uye sokureva kwaPisarema 24:1 "Nyika ndeyaJehovha nezvose zviri mairi, nyika navose vanogaramo, nokuti akaiteya pamusoro pamakungwa..." Mwari vane simba nekodzero yokupa chikamu chipi zvacho chenyika kuna ani naani zvake wavanenge vafarira.

Nokudaro zvakavafadza kupa chikamu chikuru chenzvimbo yeMiddle East kuvaJudha. Chipi ichi chakapihwa makore ane zviuru zvina [4000] apfuura apo Mwari vakazviratidza kuna Abhurahamu vakamupa iye nezvizvarwa zvake mugove wenyika yavo, kubva kurwizi rweljipita kusvika kurwizi rukuru rweYufuratesi. [Genesisi 15:18].

Chibvumirano chenyika iyi hachina kumbobvira chanyatso zadzikiswa zvakazara; chichazadziswa hacho Muchiuru Chamakore okutonga kwaKristu anouya, [Millennial Reign Of Jesus]. Chimedu chidukusa chemugove uyu ndeicho chinozivikanwa nhasi kunzi Palestine. Munguva yechivimbiso chenyika kuna Abhurahamu, nzvimbo iyi yainzi "Nyika YeCanaan" [Land of Canaan].

Chivimbiso chokutanga chenyika kuna Abhurahamu nezvizvarwa zvake chakatsetseturwa zviga zvacho Musungano NaAbhurahamu munaGenesisi 12.

### Genesisi Chitsauko 12:1-2, 7

1) Jehovha akati kuna Ahurahamu, 'Siya nyika yako, vanhu vako neimba yababa vako uye uende kunyika yandichakurakidza.

2) Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza, uye ndichaita kuti zita rako rive guru...'

7) Ndichapa nyika iyi kuvana vako.

Chivimbiso ichi chakasimudzirwazve kuna Abhurahamu kanokwana katanhatu uye chikadorongodzwaz zvakazara panaGenesisi chitsauko 15:18-21. Pana Genesisi chitsauko 17:7, Mwari vakavimbisazve Isaac naJakobho, uye Sungano iyi ikanosimudzirwazve kunaMambo Dhavidha pana maPisarema 105 apo akanyora achiti:

### Psalm 105:1, 8-11

1) Vongai Jehovhah danai kuzita rake; zivisai zvaakaita pakati pendudzi...

8) Anorangarira sungano yake nokusingaperi, iro shoko raakaraira kumarudzi ane chiuru...

9) Sungano yaakaita naAbhurahamu uye mhiko yaakapika kuna Isaka,

10) Akaisimbisa kuna Jakobho semutemo nekuna Isiraeri sesungano isingaperi...

11) Achiti "Ndichapa nyika yeKenani kwauri semugove wenhaka yako..."

Kuti vaJudha vakaparadzirwa kubva munyika yavo kwamakore anokwana 1,878 [zviuru zviviri zvina mazana masere ane makumi manomwe nemasere] -kubva mugore ra 70AD kusvika 1948- hakurevi kuti Mwari akadzorera kudzero kunyika yavo.

MuSungano yokutanga iyi yakange iri **Sungano yeMunda** [Abrahamic Land Covenant] iyo yakapihwa kubudikidza nababa vavo Abhurahamu. **Sungano** iyi yaive isina zvisungirirwa zvakanwanda bodo. Sungano yepiri yaive Yemashandisirwo eMunda [**Land Use Covenant**] iyo yakapihwa kubikidza naMozisi. Muichi chibvumirano vana vaIsraeri pane zvavaisungirwa kuita. Musungano iyeyi Yemashandisirwo eMunda [**Land Use Covenant**] mairi Mwari vakaudza vaJudha kuti kufarikanya kwavo munyika yechipikirwa kwaizoenderana nokuteererawo kwavo kuShoko Ravo- nemamwe manzwi kana vakavimbika, aiva machubwi emakomborero; kana vakasavimbika, vaizotukwa. Mwari vakazviisazve pachena muSungano iyi, kuti kana vaJudha vakasateerera uye kurambira mukusanzwa, kutongwa kwaizodurura pamusoro pavo kwaizove kuaparadzira kubva munyika yekwavo. Chakakosha pano ndechichi, kanapo vaJudha vakarangwa nekuparadzirwa kubva munyika yavo izvi hazvirevi kuti vakatobva vatorerwa nyika

nemugove wavo. Kwete!

Zvisinei nazvose izvi, chokwadi ndechokuti, pasi rose hari-nei kana nezvomugove wavaJudha sekureva kweMushoko, uye kuti nyika iyi ndeyavo nokusingaperi. Ngatimbotarirai nezvekodzero yavo zviri pamutemo, zvisinei nemafungiro evanhu uye zvichibva paziso rezvematongerwo enyika. Kuti vaJudha vane kodzero here kunyika, haiwa izvi zviri pachena.

Mugore ra1947, sangano rapsi rose reUnited Nations rakabvumirana zviri pamutemo kuti pavezwe nyika yaIsiraeri iyo yatinayo nhasi. Kumashure uko nyika iyi yaIsiraeri yaive iri pasi poubati hweLeague of Nations [League of Nations Mandate] sangano rakatangwa mushure meHondo Yepasi Rose Yokutanga [World War 1]. Nyika yeBritain ndiyo yaive yakapihwa matomu neLeague Of Nations, chinangwa chiri chokugadzirira zvizvarwa zvemo kuzvitonga. Muna 1947, apo Britain yakaparidzira kuti yaive yava kuzotura aya matomu, sangano reUnited Nations rakabvumira kukamururwa kweIsiraeri pakati pavaJudha nevaArabhu. Munyika yaIsiraeri maizova nezvikamu zviviri chikamu chavaJudha, nechevaArabhu uye Jerusalem raizova guta guru repasi rose [international city].

VaJudha vakatambira chiga ichi vane kagunun'una kukuru asika vakabva vatotanga havo kuvaka nyika yavo. MaArabhu vakatsika madziro nokurambisisa zvachose kutambira chikumbiro ichi, vachibva vatanga hondo huru nenyika yeIsiraeri.

**2. Nyepomupengo [kana kuti nyepoponganurwa] rechipiri randinodawo kuti tifungisise nezvaro ndeiro riri kupesvedzverwa navaPalestina uye riri kuramba richidzokororwa zvisina maturo nevedzinhau. Nyepo iri nderinoti vaPalestina vakabviswa munyika yavo nevaJudha zvechisimba uye zvisiri pamutemo.**

Chinhu chokutanga chatinofanira kubatisisa apa [mukudavida manyepo aya] ndechokuti hapana kumbobvira pava nechinhu chinonzi nyika yePalestine. Palestine raive zita renzvimbo yakatandavara muMiddle East iyo yaitove pasi poutongi hwedzimwe nyika. Kubva mugore ra 1517 kusvikira 1917- mumakore anokwana 400 [mazana mana]-Palestine yaive pasi poutongi hweOttoman Empire uhwo hwaiva neIstanbul seguta ravo guru. Hapana kumbenge pane nyika inonzi Palestine. Hapana kumbenge pane vagari vePalestine vane mutauro, chivanhu nemagariro avo.

Makore aana 1900 achitanga Palestine yaive gwenga riine vagari vomo vashoma kwazvo. Nzvimbo zhinji dzaive dzakatengwa nevanhu vaiva vasingagarimo. Vagari vemo vaitozviidza vaSiria. VaArabhu vaigaramo vakatotanga kuzviidza vaPalestina kuma kore aana 1960.

Asika chikuru chatinofanira kusendekera ndechokuti vaJudha pavakatanga kudzokera kunyika yavo kuma 1890s zvichinopinda kumatangiro ema 1900 vaitotenga minda kubva kumaArabhu nemutengo wakakurisa. Mitengo yacho yaive yakapetwa kanokwana kana! Naizvozvo vaJudha

havana kuba kana kupamba nyika. Chokwadi ndechokuti vakatotenga nyika yanga yagara iri yavo.

Bhabheri rakambenge razviporofita kare kuti Isiraeri raizova gwenga kana vaJudha vaburitswa uye rikaporofitazve zvakare kuti pakudzokera kwavo yaizovazve nyika yeuchi nemukaka. Hezvinoini zviporofita zvine chokuita nokuparadzwa:

### **Dhetronomi 29:22-23**

22) Vana venyu ivo marudzi achazokuteverai uye navatorwa vachauya kubva kunyika dziri kure pavachazoono matambudziko achawira nyika uye nezvirwere zvaicharohwa nazvo naJehovah, vachati...

23) "Nyika yose inenge ichitsva nokuparadzwa nemunyu nesuferi pasina zvakadyarwa pasina zvinomeramo. Zvichaita sokuparadzwa kweSodhoma neGomorraah..."

Hechinoini chiporofita chinotaura nezvokuvakwazve kwenyika yaIsiraeri vaJudha pavachadzoka:

### **Eekieri 36:34-35**

34) Nyika yakange yava dongo icharimwazve pachinzvimbo chokugara iri dongo pamberi pavose vanopfuura napo.

35) Vachati "Nyika iyi yakanga yaparara iye zvino yafanana nebindu reEdheni; muguta akanga ava matongo aparadzwa zvino akomberedzwa, ogarwa.

Izwiwo ndizvo zvakaitika chaizvo-izvo, asika ikozvino pave nemanyepo mambishi matsva ari kukodzongwa nava Palestina ave okuti Palestine yainge iri nyika yakanaka kwazvo isati "yabiwa" navaJudha.

**3. Rimwezve nyepomupengo rechitatu riripo, iri rine ngozi hurusa, nokuda kwokuti riri kukonzera kutyorwa kukuru kwekodzero dzevanhu vechiPalestina nevatungamiri vavo. Nyepo iri nderokuti nyika yaIsiraeri yachengetedza vapoteri vachiPalestina, vomuHondo yeKuzvisungura ya1948-49, vari muupenyu hunonyangadza nokunyadzisa, kwamakore anopfuura makumi manomwe [70], nokuvarambidza kuti vadzokere munyika yavo.**

Ichokwadi kuti pakave nokudzvingwa kwavaArabhu kubva muPalestina munguva ye Hondo Yekuzvisungura mugore ra1948-49, asika havana kudzingwa munyika yeIsiraeri. Vapoteri ava vakatiza vakumbirwa nemauro enyika shanu dzemaArabhu mushure mokunge Isiraeri yaparidzira kuti yave kuzozvitonga [Declaration of Independence]. Vakaudziwa neuto renyika shanu dzevaArabhu kuti vatize nokuti vaive vave kuzozadza "Gungwa reMediterranean neropa ravaJudha."

VaArabhu vanosvika zviuru mazana matanhatu nemakumi mashanu [650 000] vakatiza munyika vachitevera shoko iri. Mushure mokupera kwehondo nyika dzavaArabhu dzakaramba kusvisvinira vapoteri vaye vavakati vatize



munyika dzokwavo. Vakatonu tora vapoteri vaye vakano-vaisha mumakamba evapoteri ndokutanga kuvashandisa kusimudza mweya woruvengo kunyika yeIsiraeri. Nhasi uno pane vapoteri vanokwana 30 000 zviuru makumi matatu vachiri vapenyu kanapo vaPalestina vachiti pave nevapoteri vanopfuura miriyoni rimwe chete, nemhaka yokuti varikuverenga vana, vazukuru nezvizukururwa.

Nekunewo rimwe divi, mushure mehondo yeRusununguko, vaJudha vose vaive munyika dzava Arabhu- vanokupfuura 80 000- vakadzingwa nhumbi nemidziyo yavo ikatorwa. Chinyika chidiki cheIsiraeri chasvisvina vatorwa vose ava vaikwana 550,000. Vamwe ndivo vakaenda kunyika dzekumadokero zvikuru sei kunyika yeUnited States of America.

Muna Nyamavhuvhu wegore ra2018 mutungamiri weAmerica Donald Trump vakataura pasi rose kuti havachatori vapoteri vechiPalestina ava vakatiza muIsiraeri muna 1948-49 sevapoteri. Vakatzive vave kuzomira kupa mari nerubatsiro yaipihwa UN Relief Agency, yokubatsira ava vapoteri iyo yaisvika \$300 miriyoni pagore.

#### **4. Rimwe nyepomupengo (kana kuti zinyeponganurwa) [myths] gurusa rechina randinoda kumbotsengatsenga mbijana, nderokuti vaPalestina ndivo matanga kugara munyika yeIsiraeri- samaIndia okuAmericasaka maJudha vapambevhu vakauya vachibva nokunyika dzokuEurope.**

Ndiyo kurudziro hurusa yeBDS Movement- Boycott, Divestment and Sanctions Movements- [Sangano rinokurudzira Kuramba, Kusatenga zvose zvinogadzirwa nemabhezimusi omunyika yeIsiraeri uye kutemera nyika yeIsiraeri zvirango zvoupfumi] - zvekuti mamwe maKereke eChikristu anotobvumirana nepfungwa iyoyi.

Kwenguva yakareba kwazvo vaPalestina varikungo paumba kuti ivo ndivo zvizukuru zvamaPhilistines. Asika pazvakazowanikwa nedzinyanzvi kuti vaPhilistines vakamerera kubva kuzvitsuwa zveGreek Aegean vachizouya munyika yeIsiraeri vadzingwa navaGreek, "vatanga kugara" [vaPalestina] vakashandura rungano nemusambo wavo, vakatanga zvino kuti ivo vari zvizukuru zvevaKenani!

Mahmoud Abbas, mutungamiri wavaPalestina nhasi ndomumwe arikuramba achindonyerera manyepo iwaya asina maturo kwamakore apfuura. Mucharangirira here kuti akambo rutsa mashoko akaita seaya:

- 1) Jesu akange ari chazvarwa chomuPalestine.
- 2) Vanhu vakatungamirwa naMoses kubva muIjipita, vaive maMosiremu [kwete maJudha].
- 3) Hamuna kumbobvira mava neTemberi yavaJudha muguta reJerusarema.

Kuwedzera pamusoro pazvose izvi, Abbas haabvumi kuti kwakambova neGukurahundi kuvaJudha [Holocaust]. Muzvinyorwa zvake zvevakadzidza [doctrinal dissertation], anorambisisa Gukurahundi ravaJudha, achiti iye ingano,

dzakavezerwa kuti vanhu vazhinji vagosiririswa pamusoro porudzi rwavaJudha. Heunoi murume mukuru, nhai vanhu woye, ari kurarama munyika yamanyepo.

Pfungwa iyi yokuti vaJudha vari munyika yeIsiraeri nhasi vapambevhu, inonyangadza zvikuru. VaJudha vagara munyika yavo yechipikirwa kwamakore ari zviuru zvina [4000 years]. Kana imo munguva yokuparadzirwa mushure mehondo ya70AD, maiva navaJudha vaigara muguta reJerusarema neGarire.

Zvakare vaJudha vose vakadzokera kunyika yavo mushure mokuparadzirwa havana kungobva chete kunyika dzeEurope. Vakakoromokera kubva kunyika dzinokwana kana kupfuura zana dzepasi rose. Hazviiti kuti titi isu ichi chaive chaunga chavapambepfumi vokuEurope. Kana kuti titi isu vaPalestina zvizukuru zvemaKenani. Hapana tsvagurudzo dzezve science dzakabuda neumbowo hwokuti vaArabhu vane ropa remaKenani sokureva kwaMahmoud Abbas.

Chokwadi chiripo ndechokuti, vaPalestina vose zvavo zvizvarwa zvavaArabhu vakanopoteri vachibva kunyika dzakaita seSaudi Arabia, Yemen neIjipita. Somuenzaniso Yasser Arafat, mutungamiri wokutanga wePLO [Palestine Liberation Organization] akazvarirwa nekukurira munyika yeIjipita. Inzwa aya mashoko anoburitsa pachena chinangwa chake:

"VaPalestina havana midzi, Ini Yasser Arafat, murume ane ramangwana ndichavapa chimiro nemidzi iyoyo nokukakavadzana nenyika yeIsiraeri."

Mugore ra2012, Gurukota reHammas, rinoona nezvomukati nekuchengetedzwa kwenyika, Fathi Hammad akazviburitsa iye pachena kuti "chimwe chikamu chava Palestina zvizvarwa zvomu Ijipita, chimwezve chikamu ndeve kunyika yeSaudi Arabia.

#### **5. Rimwezve nyepomupengo [myth] rechishanu randinoda kumbotarisisa zvikuru nderinoti, Jerusarema iguta guru ravanhu vechiPalestina uye iguta dzvene rechitatu kuchitendero cheIsilamu.**

Idzi ndidzo dzinonzi "nhau dzamanyepo" naPresident Trump. Ini ndinoti ndiyo itsvina. Chokwadi ndechokuti Jerusarema harina kumbogara rava guta guru reimwe nyika kunze kwenyika yaIsiraeri. Mambo Davhidha paakatora iri guta makore zviuru zvitatu apfuura [3000 years ago] kaive kanharaunda kaigarwa neverudzi rwevaJebhusi vazukuru vaKenani. Jerusarema rakaitwa gutu guru raIsiraeri uye rikagara rakangodaro kwamakore ane chiuru. Jerusarema harina kumbogara rava guta guru reimwe nyika bodo! Somuenzaniso guta guru ravaRoma muIsiraeri raive Ceaserea Maritime. MaCrusaders vakatorawo Akko seguta ravo guru. MaPalestina munguva yeutongi hweOttoman Empire guta ravo guru raive Istanbul rokuTurkey.

Zinyepo-nganurwa iri rokuti Jerusarema ndiro guta guru rechitatu kuvaMosiremu, mushure meMedina neMecca nderiri kusonedzerwa nevezvematongerwo enyika zvikuru

sei kuti vatore guta reJerusarema chete.

... VaJudha vanonamata vakaringe Jerusarema ukuwo vechiMosilemu vanonamata vakatarire kuguta reMecaa.

... Guta reJerusarema rinotaurwa nezvaro kanokwana mazana mapfumbamwe [700 times] muBhaibheri Shoko raMwari dzimwe nguva rinonzi Jerusarema, Zion kana kuti Ariel.

... Jerusarema harina kumbotaurwa nezvaro bodo muKorani [bhuku ramaMosilemu].

Kuti guta reJerusarema ndera vaMosilemu kunobva panganurwa inoti muporofita Mahommedhi akabhururutswa nebhiza rikanomhara paAl Aqsa Mosque muJerusarema apo bhiza rakazono pinda mumatenga kunozorora. Izvi zvinobva muzvakanyorwa mubhuku ravo reKorani rinoti "muporofita akatasva bhiza achienda kuMosque iri kure". Nzvimbo iyi yaiwanikwa munyika yeSaudi Arabia.

Chinyorwa ichi kubva mubukhu reKorani hachingambova chichitaura nezvenzvimbo yeAl Aqsa Mosque iri pagomo reTemberi muJerusarema, sokutaura kwava Mosilemu, nemhaka yokuti nzvimbo iyi yanga isiripo munguva yamuporofita Mahommedhi! Muporofita Mahommedhi akata mugore ra632 AD. Iyo mosque yeAl Aqsa yakazovakiwa mugore ra706 AD, makore 73 [makumi manomwe nematatu] muporofita Mahommedhi vatofa.

## **6. Rimwe nyepomupengo rinogaro simudzwazve nderokuti, kwamakore 70 [makumi manomwe] Israeri iri kuramba kodzero dzavanhu vechiPalestina kuti vave nyenika yavo yavanozvitunga pachavo.**

Chokwadi chokutanga chatinofanira kuziva nekubatisisa ndechokuti vaPalestina vagara vane nyika yavo. Nyika iyi ndeye Jordan.

Mugore ra1921, Winston Churchill achiri British Colonial Secretary [Munyori ayiona nezvenyika dzakapambwa] akapa nzvimbo inoita zvikamu zviriv muzvitatu, [two thirds] zvePalestina kavaArabhu, kuti ive nyika yeTransjordan, iyo yave kungonzi mazuva ano nyika yeJordan. Izvi akazviitira munguva iyoyo kunyengerera vaArabhu nokuda kwemafuta akawanda aive awanikwa munyika dzavaArabhu. Izvi zvakasiya maJudha vane kachisesepende kadikidiki kakasekerana nemahombekombe eNyanza yeMediterranean. Izvi vaJudha vakazvitora sechekuku vatavata, asika vakangoti hazvina hazvo mhosva, ndokatunga kutarira mberi apo vazono shandura ichi chemedu kuti chive nyika yavo yeIsiraeri.

Zvinorwadza zvakare ndezvokuti mugore ra1947, sangano reUnited Nations rakanovhiyazve futi nepakati chiya chimedu chaive chapihwa vaJudha kuti dzive nyika mbiri-imwe yavaJudha imwewo yevaArabhu, kwakave kuvezwazve kwenyika yepiri yavaPalestina. Zvakare vaJudha vakaonazve sevakandwa pasi pebhazi nenyika yeBritain, asi vakangotambira zvakadaro chiga ichi cheUnited Nations ndokutanga nyika yavo mumwedzi waMay 1948, apo nyika yeBritain yakatura matomu ayakange yapihwa neLeague of Nations.

Zvino, hechinoini chokwadi chisina kumbobvira chataurwa nevedzinhau uye chisingambotaurwi napaduku nevanhu vechiPalestina: Nezuva vaJudha vachiungana muguta reTel Aviv kuzopemberera kuzvitonga kwavo kuzere, vaArabhu vangadaiwo vakaungana muguta reRamallah vachipembererawo kuvapo kwenyika yepiri yePalestine.

Panokuti vadaro, vaPalestina vakatokurudzira nyika shanu dzevaArabhu kuti dzirwise nyika yeIsiraeri nemhaka yokuti vaitode nyika yose, uyezve chavasingade inyika yavaJudha kana diki sei pakati pavo. Naizvozvo mugore ra2018 apo vaJudha vaipemberera makore makumi manomwe [70 years] okuzvitonga vaArabhu ingadai vakapmbere-rawo makore mamwe chete enyika yavo. Mhosva ndeyavo. Vakamhanyire tsuro nemunyu mumaoko.

## **CHIBVUMIRANO CHECAMP DAVID CHA2000**

Harisingori gore ra1948 chete ravakapunyutsa mukana wokuva nenyika yokwavo. VaPalestina vakapunyutsa mikana inezvitsama zvinjisa. Mumwe wacho ndowe mugore ra2000 paCamp David Conference wakange waunganidzwa nemutungamiri Bill Clinton. Pamusangano iwoyo mutungamiri Clinton vakanyengetedza Ehud Barak, mutungamiri weIsiraeri uyo aive akanyorova zvikuru murungano rwenyika yeIsiraeri, kubvuma kuzvikumbiro 95% [makumi mapfumbamwe nezvishanu kubva muzana] zvaPalestina.

Chibvumirano ichi pachakange chive kunonyoreranwa pasi, mutungamiri Yasser Arafat, nokugumbuka vakangoti kwaku kubva pahurukuru idzi noukasha vachidzokera kumusha kunotanga hondo yeChimurenga chavaPalestina iyo inozivikanwa seFirst Intifada. Nemhaka yei Yasser Arafat akaita izvi? Nokuti aiziva kuti akangobvuma chete pake paive patopera. Zvakare, zvose zvikumbiro zvavaPalestina aingove mabata kumeso. Chikuru chavanoda kuparadzwa kwenyika yeIsiraeri zvachose.

Mashoko muchidimbu andakanzwa anonyatso tsetse- nura rungano rwoutungamiri hwavaPalestina, ndeawo akataurwa nenyanzvi Abba Eban, akambove mumiriri weIsiraeri kuUnited Nations kubva mugore ra1949-1959. Akati iye, "VaPalestina havana kumbogara vapunyutsa mukana wokuzvirasisa".

Kana vamwe vatungamiri vechiArabhu vave kutonetawo namaitiro aya outungamiri hwavaPalestina. Somuenzaniso, Mambo Prince, Mohammad bin Saliman, munguva yapfuura iyi vakati, "Kwamakore makumi mana apfuura aya utungamiri hwavaPalestina hwapunyutsa mikana nemikana kakawanda kwazvo uye varikungoramba yose mikana yavanopiwa. Yasvika zvino nguva yokuti vaPalestina vatambire mikana yavano pihwa iyi vodzokera kunhaurirano- kana kuti ngavavhare have miromo yavo, vasachemacheme zvachose".

## **7. Rimwezve zinyeponganurwa rechinomwe randinoda kutaura nezvaro, uye rakakosha zvikuru nderinoshandiswa navaPalestina nehama dzavo kupesvedzera**

**mweya yevanhu kumukira nyika yeIsiraeri. Inyepo riri kushandiswa, muzvikoro namaUnivesiti kukweverera vechidiki muAmerica kumukira nyika yeIsiraeri. Ndoreva zinyeponganurwa [myth] rinoti Isiraeri inyika inerusarura [Apartheid state].**

Kuvamwe venyu vasinganyotso nzwisisi kuti vara rokuti Apartheid rinorevei, regai ndimire zvishoma ndikutsanangurirei kuti itsika yakaipisisa] yaishandiswa munyika yeSouth Africa kwamakore akawanda kuparadzanisa vamarudzi. Kudzokororwa nekudzokororwazve kwezinyeponganurwa iri muenzaniso wezvokwadi yakataurwa naJoseph Goebbels, mukushi wamashoko munguva yaHitler, akati iye, "Ukatura zinyepo gurusa uye woridzokorora kakawandisa, vanhu vanoribvuma chete".

Asi chokwadi ndechokuti hamuna rusaruro zvochose munyika yeIsiraeri. Hamuna zvachose! Rusaruro runotowanikwa munyika dzomuMidde East umo vaJudha vasingabumirwi kugara. Nyika yeIsiraeri ine vaArabhu vanosvika 1.7 mirioni [miriyoni nezviuru mazana manomwe]. Vagari vomo vagare nemufaro sezvizvarwa zveIsiraeri zvakare vane kodzero yokushanda nekushandirwa, kuzveutano nezvokuchengetedzwa. Vane kodzerowo yokuvhota nekuvhoterwa kupinda mudare reParliament.

Musiyano ungoripo chete ndewokuti vaArabhu havabumirwi kushanda muchiuto, kunze kwavaJudha vanobvumirwa vose varume navakadzi. Asika pane chikonzero nei. Ndoona uri kujekerwa mudikani, kuona mazimanyepo aya okuti Isiraeri inyika ine rusarura [Apartheid state] nekumbunyikidza. Asika vatungamiri vazhinji vezvematomongerwo enyika vari kungonanzvira kumanyepo aya semadununu asina uropi. Rusarura ruriko muMiddle East runowanikwa chete munyika dzavaArabhu, avo vasingatombodi kuona chinonzi muJudha pakati pavo. Pidigu, ava ndivo vanyengeri vanokwamatata kuti nyika yeIsiraeri ine rusarura.

Chikuru chinosuvisa ndechokuti vamwe vatungamiri vemaKereke varikutomedza zinyeponganurwa iri sehove dziri mudzivadingwi. Chikonzero chingangova chokuti mapenzi kana kuti navowo vanovenga vaJudha, ndokusaka vachibvuma kuaya manyepo [myths].

### HWIDIBIRO

Rimwezve zinyeponganurwa [myth] nderokuti nyika yeIsiraeri ndiyo chipingaidzo kurunyararo munzvimbo yeMiddle East. Hupenzi hwamafungiro aya hunorambisisw chiriporipocho namaonero akaitwa nemutungamiri weIsiraeri, vaBenjamin Netanyahu- maonero aya haapikiswe. Inzwa:

"Kana vaArabhu vakakanda zvombo zvavo pasi, muMiddle East munove nerunyararo. Kana vaIsiraeri vakakandawo zvombo zvavo pasi, Isiraeri inoparara". Aya ndemamwe mazinyeponganurwa [myths] atingataura nezvawo nhasi asika Satani arikukuridzira kubikwa kwamamwe manyepo nguva dzose. Bva chokwadi ndechokuti Satani achakurirwa chete muhondo iyi.

Mwari vedu vagere pachigaro chokutonga. Ndivo vane zvose muruoko rwavo. Vane unguwaru nesimba rose kuti mabasa owakaipa aSatani neMunhu azadzikise kuda nokukunda kwavo. "Zvirokwazvo muchengeti waIsiraeri haangakotsiri kana kuvata". Pisarema 121:4. Mapisarema chitsauko 2, inoti agere pachigaro chokutonga kuDenga uye anoseka vavengi vake. Havasiri kuseka nemhaka yokuti havana hany'a. Bodo. Vari kuseka nemhaka yokuti zvose zviri pasi poruoko rwavo.

Uye Mwari varikuseka havo nemhaka yokuti zuva ririkusebera apo vachadurura shungu nedzavo mukutimirazve Mwanakomana wavo kuzotonga pasi rose vachibva paGomo reZioni muJerusarema.

Nezuva iro Jesu vachadzokera paGomo reMiorivhi muguta reJerusarema, chikamu chavaJudha chakasara chichatendeuka vagochemba vachiti: "Baruch Haba B'Shem Adonai!" [Akakomborerwa uyo anouya muzita raShe!]. Takamirira zvose izvi, ini hangu ndicharamba ndichidanzira zvanyanyisa mazuva ose ndichiti, "Maranatha! Maranatha! Maranatha! Huyai nekuchimbidza Ishe Jesu.

[Kubva mubhuku "Myths About Israel" rakanyorwa naDavid R.Reagan na Nathan E. Jones].

## Zvirangaridzo Zvakakosha Kubva Kuna Kristu . . .

"... *penyai ndinemwi mazuva eshe metsa kuguma kwenyika...*" [Mateu 28:20b].

"*Inini ndini chingwa chokupona, iye unouya kwandiri haatongozwi nzara neuyo unotende kwandiri haatongozwi nyota.*" [Johani 6:35].

"*Kunyazwi ndiani unenyota ngaauye kwandiri amwe. Uyo unotenda kwandiri, kudai ngokuronza kwezvinyorwa, Ndwizi dzemvura yokupona dzinozopopoma kubva mwaari.*" [Johani 7:37-38].

"*Inini ndiri kujeka kwenyika, uwo unonditeerera aazohambi muchidima asi unozoa nekujeka kwokupona.*" [Johani 8:12].

"*Kudai mwechigara mumazwi angu, ngegwiniso muri vadzidzi vangu, nemwi munozia gwinyiso negwinyiso rinozomusunhura. Ndizvo kudai Mukororo echimusunhura, munozosunhurwa yaamho.*" [Johani 8:31-32, 36].

"*Ngegwiniso ndinoti kwamuri Abrahamu asiti aapo, ndaiyapo.*" [Johani 8:58].

"*Inini ndiri Muushi wakanakaMuushi wakanaka unowisire pashi kuona kwake ngepamusoro pemakwai.*" [Johani 10:11].



“Kunyarara ndinokusiya kwamuri; kunyarara kwangu ndinopa. Andimupi kudai ngokupa kwenyika. Mwoyo yenyu ngaisatambudzika, isakarukazve”. [Johani 14:27].

“Inini ndirikumuka nekupona, uwo uyo unonditenda kunyazwi wafa, unozoponazve, neuyo unopona echinditendaaatongofi”. [Johani 11:25].

“Inini ndiri njira negwinyiso nokupona. Akuna unouye kunaBaba, asikauyi ndini”. [Johani 14:6].

“Inini ndiri muvhini, imwimwi muri matai. Uwo unogare mukati mwangu, neni ndiri mukati mwake, ndiye unobara michero yakawanda, ngokuti panze pangu imwimwi hamungakoni kuite chinhu”. [Johani 15:5].

“Izvi ndakamuronzera kuti mwendi muone kunyarara. Munyika munozoa nematambudziko. Asi shingai mumwoyo yenyu, ndainyisa nyika”. [Johani 16:33].

“Ini ndiri Arifa naOmerga ... Mambo uwo uripo, waiyapo noonouya. Unesimba reshe”. [Chakapangidzirwa 1:8].

“Usatyaba ndini muambi nemagumo, ndini umwe unopona. Ndaiya ndafa, wona, ndinopona mhera nariini nariini, neni ndine makiyi orufu neeHadhesi”. [Chakapangidzirwa 1:17-18].

“Uyo unenzee ngaazwe zvinoreketwa ndiMweya kuzvira. Kwaari unonyisa imweni yemana yakafishika, ndinozomupazve buwe rakachena, nepadera pebuwe pakanyorwe zina idzva, risikaziikanwi ngoumweni kwegwa ngouwo unoriashira”. [Chipangidzirwa 2:17].

[Kubva muHerald Of His Coming yaMay/June 2020 page 6. Mavhesi akakoponhorwa kubva Mubhaibheri Rakachena muChindau. Chakapangidzirwa zvinoreva Zvakazarurwa (Revelation)]

## Ini Ndini Jehovhah...Ndiro Zita Rangu...

“Ndini Jehovhah, ndiro zita rangu! Handizopi kukudzwa kwangu kunomumwe, kana kurumbidzwa kwangu kuzvifanidzo” (Isaya 42:8).

“Asi ini Jehovhah ndichataura zvandichataura, uye zvandichataura zvichazadzisika zvisinganonoki” (Ezekieri 12:25).

“Naizvozvo zvitsaurei muve vatsvene nokuti ndini Jehovhah Mwari wenyu. Munofanira kuchengeta mitemo nekiita ndini Jehovha anokutsaurai” (Revitiko 20:7-8).

“Kana uchiteerera nemwoyo wako wose inzwi raJehovhah, ukaita zvakarurama pamberi pake, ukarerekerer nzeve dzako kumirairo yake, handingaisi marwadzo andakaisa pamusoro pavaljipita, nokuti ndini Jehovhah murapi” [Ekiisodo 15:26]

“Tarira ndini Jehovhah wenyama yose, pane chinhu chingandikona ere?” (Jeremiah 32:27)

“Nokuti ndini Jehovhah Mwari wako, unomutsa gungwa kuti mafungu aro atinhire, Jehovha ndiro zita rangu” (Isaya 51:15).

“Ndini Jehovhah Mwari wako. Wakakubuddisa panyika yeIjipita. Nyamisa muromo wako ndigokuzadza (Pisarema 81:10).

“Zvanzi naJehovhah Mudzikinuri wako, wakakuumba kubva pachizvaro: Ndini Jehovhah unoita zvinhu zvose unotatamura denga rose iye oga, uye unotambanudzwa nyika...” (Isaya 44:24).

“Ini iyeni ndini Jehovhah, kunze kwangu hakuna mumwe muponisi” (Isaya 43:11).

“Zvirokwazvo kubva pamazuva akare ndini iye, hakuna angarwira munhu paruoko rwangu, ini ndichabata basa, pandinoita chinhu ndiani angandizivisa” (Isaya 43:13).

“Tarirai zvino kuti muone kuti ndini iye. Hakuna mumwe

Mwari pamwe chete neni” (Deuteronomio 32:39).

“Ndini Jehovhah Mutsvene wenyu, Musiki waIsiraeri, Mambo wenyu” (Isaya 43:15).

“Zvanzi naJehovhah Mwari wavaIsiraeri, noMudzikinuri wavo. Jehovhah wehondo Ndini Wokutanga nowokupedzira, kunze kwangu hakunaMwari” (Isaya 44:6).

“Naizvozvo usatyete nokuti ndineweusavhunduke nokuti ini ndini Jehovhah Mwari wako. Ndichakusimbisa uye ndichakubatsira, ndichakutsigira neruoko rwangurworudiyi rwokururama” (Isaya 41:10).

“Nokuti zvanzi naJehovhah iye akasika matenga, ndiye Mwari: iye akaumba uye akaita nyika, ndiye akaisimbisa; haana kuisikira kuti igare isina chinhu asi akaiumba kuti igarwe, iye anoti, ‘Ndini Jehovhah uye hakuna mumwe’ (Isaya 45:18).

“... ini ndini Mwari waMasimba Ose famba pamberi pangu uye uve wakarurama, Ndichasimbisa sungano yangu pakati pangu newe uye ndichakukurisa kwazvo” (Genesisi 17:1).

“Ini iyeni ndini iye anokunyaradza. Ndiwe aniko anotyva vamunhu vanofa, vanakomana vomunhu, ivo uswa zvahwo” ([Isaya 51:12)

“Asi anozvirumbidza ngaazvirumbidze pamusoro pezvizvi: kuti anondinzwisisa uye kuti anondiziva ini, kuti ndini Jehovhah, anoita unyoro, nokururamisira, nokururama panyika nokuti ndinofarira izvozvo, ndizvo zvino taura Jehovhah” (Jeremiah 9:24).

“Nyararai, uye muzive kuti; ndichakudzwa pakati pendudzi dzose uye ndichasimudzirwa panyika yose” (Pisarema 46:10).

“Ini ndini Jehovhah, handishanduki. Saka imi rudzi rwaKakobho hamuna kuparadzwa” (Maraki 3:6).

## O JEHOVHAH, IMI NDIMI...

...muri chiedza changu neruponiso rwangu. [Pisarema 27:1].

...muri simba rangu nerwiyo. [Isaya 12:2]

...muri tariro nevimbo yangu. [Pisarema 71:5].

...mubatsiri wangu nemurwiri wangu. [Pisarema].

...muri dombo rangu nenhare yangu. [Pisarema 31:3].

...muri dombo rangu rokuvanda, nhoo yangu nerunyanga rworuponiso rwangu. [2 Samueri 22:3].

...muri utiziro hwangu nenhoo yangu. 119:114].

...muri simba rangu, iyemi Mwari ndimi nhare yangu. [Pisarema 59:17].

...muri Jehovhah Dombo rangu noMudzikinuri wangu. [Pisarema 19:14].

...muri nhoo yakandipoterredza; munoisa rukudzo pandiri uye munosimudza musoro wangu. [Pisarema 3:3].

...muri mufaro wangu nemudikani wangu ...Muponisi wangu naMwari wangu. [Pisarema 43:].

...muri Jehovhah Wamasimba ose Mambo wangu naMwari wangu. [Pisarema 84:3].

...muri Mufudzi wangu [Pisarema 23:1]; Rugare rwangu [vaTongi 6:24]; Jehovha anopa [Genesisi 22:14].

“*Ndinoti kumwoyo wangu ‘Jehovhah ndiye mugove wangu; naizvozvo ndichamuimbira’.*” [Kuungudza 3:24]

[Kubva muHerald Of His Coming yemuna Kubvumbi (April) yemugore ra2020, papeji 5]

### (*Nziyo Dzekurumbidza*) Ndingashambidzwe Nei?

1. Ndingashambidzwe nei?

Iropa raJesu chete;  
Ndingatsveniswe nei?  
Iropa raJesu chete

KORO...

Itstime reropa Rinondishambidza,  
Handizivi rimwe  
Iropa raJesu Chete

2. Hakuna kucheniswa,  
Kunze kweropa raJesu  
Hakuna kuregerwa,  
Kunze kweropa raJesu

3. Hakuna kununurwa,  
Kunze kweropa raJesu;  
Handigoni kurapwa  
Kunze kweropa raJesu.

4. Hapana rutariro,  
Panze peropa raJesu;  
Hapana kururama,  
Panze peropa raJesu

### Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asika nhau dzinofadza ndedzokuti Jesu akatiripira charango chorufu ichi nokufa kwake pamuchinjikwa; “namavanga ake takaporeswa” [Isaya 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, kana kuramazve muzvivi [VaRoma 6:11-14]; zvikuru sei kana takareurura zvivi zvedu kwaari uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38, 39; VaRoma 10:9, 10].

### Nhanho Dzoruponiso

1. Mukutenda bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira kufa norufu. “Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari” [VaRoma 3:23]. “Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu” [VaRoma 6:23].

2. Tendeuka kubva muzvivi zvako, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. “Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke... Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakangwirwa” [Isaya 55:7].

3. Mukutenda “kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo” [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu saIshe noMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. “...Kana ukapupura Nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa” [VaRoma 10:9].

4. Gara maari Jesu. “Saka naizvozvo, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe naMuponisi wako, ramba uchifamba Maari, munemidzi yenyu nokuvakwa kwenyu maarimakasimbiswa pakutenda, sezvamakadzidziswa...” [VaKorose 2:6].